# Мойнақ: пайдаланылмай турған 5500 гектар егислик жерлер қайта абаданластырылмақта

2018-жылдан баслап ҳәр мәўсимде елимиздиң барлық ўәлаятларынан, республикамыз районларынан келип, Арал теңизиниң қурыған ултанына шөлге шыдамлы сексеўил ҳәм басқада өсимлик түрлерин егиўге қатнасқан механизаторлар быйылға белгиленген жобалы тапсырмасын орынлап болыўдан ат басын районымыздың аўыллырына бурды.

Image not found or type unknown

Бундағы мақсет соңғы 30 жыл ишинде тез-тез қайталанып турған суўсызлық себепли пайдаланылмай қалған бурынғы егислик жерлерди қайта аабаданластырыўдан ибарат. Солай етип, Аралбойы регионына айрықша меҳир қойған Прездентимиздиң тиккелей басламасы менен аймағымызды гүлленген бағы-бостанға айландырыў ушын талпыныслар басланды.

Бир ғана «Қазақдәрья» массивине киретуғын усы атамадағы аўыл әтирапына жақын «Қарағаш», «Жарма», «Орай», «Ферма», «Ыссы булақ» деп аталыўшы орынларда 1400 гектар майданды егислик ушын ашыўға кирисилди. Бул жуўапкерли иске Қарақалпақстан Республикасы ҳәм Хорезм ўәлаяты Айрықша жағдайлар бас-қармалары, районлардың машина-трактор парклеринен 40 тан артық жоқары өнимдарлықта ислеўши техника қатнастырылып, атызлар арадағы пайдаланылмай қалған дәуирде ғаўлап өсип кеткен жыңғыл, пута ҳәм отлақлардан тазартылып болыўдан егис алдынан суўғарылмақта, тапқа келиўден сүрип тегисленбекте. Егиске таяр болған майданлар-ға жоңышқа ҳәм пияз туқымларын, мәкке дәнин себиў баслап жиберилди.

Сондай-ақ «Бозатаў» АПЖның «Қыпшақдәрья» аўылы тусындағы бурынғы «Мойнақ» аўыл хожалығы ширкетиниң «Әмиўдәрья» бөлиминен 240 га егислик жер ашылып, 2 гектарында миййели бағ жаратылды, 1,7 гектар майданды ийелеген ыссыханаға ерте писер помидор ҳәм қыяр нәллери отырғызылды. Қалған ашық далаларға овощь, палыз ҳәм баў-бақша егинлери егиледи.

Буннан тысқары, «Ҳәким ата»АПЖ аймағындағы «Қызылжар» массивинен 1600, «Дослық» массивинен 1760 гектар егислик жер ашыў да қолға алынды.

Районымыз бойынша быйыл ҳәм кейинги жылларда ашылып, айланысқа қосылатуғын жәми 5000 га егислик майдан «Муйноқ кележаги бунёдкорлари» жуўапкершилиги шекленген жәмийетиниң ықтыярына бериледи. Оған бириккен жаслардың ҳәр бири 20-30 гектардан жер алады. Айма-ай төленетуғын 700 мың сўм муғдарындағы мийнет ҳақыларына қосымша оларға өзлери қәлеген егинлердиң түрлерин егип алыўы ушын 3 гектардан жер ажыратып берилип атыр.

«Муйноқ кележаги бунёдкорлари» ЖШЖға берилетуғын майданлардан бөлек қуры бос жатырған жерлерден нәтийжели пайдаланыў мақсетинде «Әлий аўыл» тусында сол елатлы пункт жасларының жумыс пенен бәнтлигин тәмийинлеўдей ийгиликли нийетте тағы 500 гектар егислик жер ашылады. Усыны қоса есаплағанда айланысқа қайта қосылатуғын егислик жерлердиң улыўма майданы 5500 гектарға жетеди. Демек, аймағымыз гүлистанға айланады.

С.ЖУМАМУРАТОВ, «Арал балықшысы» газетасы хабаршысы.